

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL

Madi, 24 Janvye 2017 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.


Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Baze sou kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.

Gwo Zòn Ekolojik Anndan Lazi yo



Sous: *From Silk to Oil: Cross-Cultural Connections Along the Silk Roads*, China Institute, 2005 (adapte)

1 Ki modifikasyon nan anviwònman ki gen plis pwobabilite pou yo kreye pou pouse koton nan rejyon ki dirèkteman sou bò sid Lanmè Aral la?

- (1) Yo t ap bezwen konstwi teras.
- (2) Yo t ap bezwen kreye sistèm irigasyon.
- (3) Yo t ap bezwen konstwi plan desalman.
- (4) Yo t ap bezwen devlope jaden sou dlo.

2 Istoryen yo bezwen detèmine si se yon sous otantik pou

- (1) etabli si l ap itil
- (2) ranfòse opinyon popilè
- (3) demontre enpòtans kwayans relijye
- (4) detèmine karakteristik pwopagann

3 Nan yon ekonomi tradisyonèl, abitud, koutim, ak rityèl yo fonksyone kòm

- (1) fontyè teritoryal
- (2) rekonpans pou chanjman
- (3) teyori endepandan
- (4) konsiderasyon prensipal nan pran desizyon

4 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- I. _____
- A. Vil-eta yo te depann sou machandiz yo te echanje dirèkteman ak pèp Mediterane yo
 - B. Fidelite politik te santre sou vil-eta yo
 - C. Peyi Pès, ki te lènmi tout vil-eta yo te menase otonomi yo

- (1) Karakteristik Anpi Gupta a
- (2) Atribi Sivilizasyon Vale Indus la
- (3) Karakteristik Ansyen Grès
- (4) Trè Ansyen Lachin

5 Kilti Elenistik la, ki te asosye ak dominasyon Aleksann Legran, te devlope akòz

- (1) etnosantris
- (2) diferans kiltirèl
- (3) demokrasi dirèk
- (4) anbago

6 Piramid ansyen Mezo-Amerik yo ak akedik ansyen Wòm yo demontre premye sivilizasyon sa yo te

- (1) itilize gwo bwa pou pwoteksyon
- (2) pratike tolerans relijye
- (3) kapab anpeche inondasyon
- (4) gen teknoloji avanse

7 Yon similarite ki genyen ant Konfisyenis ak Krisyanis se tou de (2) sistèm kwayans ensiste sou


- (1) respè pou lòt moun
- (2) lapriyè senk
- (3) fwa pa jou
- (4) fè lòt moun konvèti nan ansèyman yo
- (5) fwa pa jou

8 Entèraksyon ant Anpi Byzantine nan ak Risi Kievan an te enfluyans ris yo kote yo te

- (1) rekonèt otorite politik absoli Pap la
- (2) adopte Krisyanis Otodòks
- (3) mande pou gen alyans ak Mizilman yo
- (4) mete laterè nan Anpi Charlemagne la

Baze sou atifak ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 la.

Atifak nan Dinasti Tang



Sous: The Avery Brundage Collection, Asian Art Museum online

9 Nan ki fason atifak sa a reprezante kilti dinasti Tang la?

- (1) Komèsan yo te itilize chamo sou Wout Swa yo.
- (2) Seramik pou dekorasyon yo te soti prensipalman nan peyi Japon.
- (3) Kiltivatè yo te itilize chamo pou travay nan chan rejyon Dezè Gobi yo.
- (4) Yo te devlope etriye an fè yo epi yo te vann yo ak Mongòl yo.

10 Pandan premye peryòd nan listwa Japon, yon gran faktè ki te kontribye nan kapasite li pou reziste envazyon se te

- (1) pozisyon li kòm zile
- (2) teknoloji militè siperyè li
- (3) alyans ak vwazen sou kontinan an
- (4) estrikti gouvènman desantralize li

Baze repons ou pou kesyon 11 la sou pasaj ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.


...Nou konnen enpak pandemik sou Lewòp Kreyen byen paske Lapès Nwa atire atansyon anpil moun nan anviwònman akademik yo. Enterè sa a fè yo vin mal konprann Lapès Nwa kòm yon fenomèn ki prensipalman ewopeyen. Malerezman, Lapès Nwa nan Oryan an pa te atire enterè moun menm jan an, men yo kapab entèprete neglijan sa a kòm yon endikasyon mank enpòtans istorik li. Gran istòryen mizilman nan katòzyèm syèk la, Ibn Khaldūn, ki te pèdi paran li ak anpil pwofesè pandan Lapès Nwa nan Tini, rekonèt enpòtans pandemik la pou sivilizasyon Islamik la: . . .

— Michael W. Dols, *Viator* (adapte)

- 11 Ki deklarasyon ki ekspri agiman otè a konsènan move lide moun genyen parapò ak Lapès Nwa?
- (1) Li te difisil pou jwenn sous prensipal yo.
 - (2) Yo pa ka fè temwayaj sou Lapès Nwa yo konfyans.
 - (3) Istòryen yo pa konprann kòz Lapès Nwa.
 - (4) Etid istorik te konsantre plis sou yon rejyon pase lòt yo.
-
- 12 Enfliyans kilti Grèk ak Women sou kèk pwodui atistik Renesans reflekte nan
- (1) yon pòtrè reyalis kò imen an
 - (2) defi yo bay ansyen ideyal relijye yo
 - (3) enpak zèv William Shakespeare nan Lewòp disid
 - (4) konkirans yo te pwomouvwa ant atis nan Lewòp dinò ak Lewòp disid
- 13 Ki sitiyasyon ki te yon rezilta dirèk Refòm Pwotestan nan Lewòp delwès?
- (1) Yo te retire Pap la kòm dirijan Legliz Katolik la.
 - (2) Relijyon pèp Lewòp la te vin gen plis divèsite.
 - (3) Fanm yo te ka dirije nan pifò denominasyon Kreyen yo.
 - (4) Dirijan Ewopeyen yo te bay sitwayen yo libète pou chwazi relijyon pa yo.

- 14 Konesans sou sikilasyon van ak kapasite maren yo pou itilize yo sou Oseyan Endyen ak Oseyan Atlantik la demontre
- (1) monopòl gouvènman yo afekte komès
 - (2) jewografi ak teknoloji enfliyanse aktivite ekonomik
 - (3) konsèp ekonomik domine etid transpò
 - (4) lwa ak koutim regle echanj nan dlo entènasyonal
- 15 Sistèm enkonmyenda Espanyòl la te etabli nan koloni Espanyòl nan Amerik Latin yo te pi pwòch ak Lewòp nan
- (1) sistèm asosyasyon yo
 - (2) sosyete anonim yo
 - (3) agrikilti sibsitans
 - (4) sibvansyon tè feyodal
- 16 Ki deklarasyon konsènan Louis XIV ki se yon opinyon olye de yon reyalti?
- (1) Li te ensiste pou Huguenots konvèti kòm Katolik.
 - (2) Li te santralize gouvènman an pou bay monachi a fòs.
 - (3) Gè li te patisipe nan yo a se yo menm ki te gen mwens siksè nan istwa Lafrans.
 - (4) Palè li te konstwi Versailles la te yon pati nan plan li pou kontwole nòb yo.
- 17 Ide tout moun fèt ak dwa natirèl pou gen lavi, libète, ak pwopriyete plis asosye dirèkteman ak èv
- (1) Baron de Montesquieu
 - (2) Thomas Hobbes
 - (3) Jacques-Bénigne Bossuet
 - (4) John Locke
- 18 Ki enfliyans Revolisyon Syantifik la te gen sou Syèk Limyè nan Lewòp la?
- (1) Yo te itilize lwa natirèl pou eksplike relasyon ant moun.
 - (2) Paske yo pa te gen ase bon teknoloji, ekonomi an te ralanti.
 - (3) Yo te itilize verite syantifik pou jistifye monachi absoli.
 - (4) Konsantrasyon sou doktrin relijye te fè yo rejte ide syantifik yo.

Baze sou kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 la.



Sous: *The Nystrom Atlas of World History*, Herff Jones Education Division (adapte)

19 Kat jewografik sa a montre Anpi Ottoman an lè li te nan pi wo nivo dominasyon l, se anpi a

- (1) ki te kontwòle vil pò Baselòn ak Masèy
- (2) ki te sou kontwòl Anpi Pès
- (3) ki te gen teritwa nan Lewòp, Lafrik, ak Lazi
- (4) ki te antoure Lamè Wouj nèt

20 Ki karakteristik jewografik ki te ede endistriyalizasyon nan Grann Bretay?

- (1) bon pò
- (2) gran forè
- (3) klima tè wo
- (4) van mouson

21 Sa kapitalis ye pou pwopriyete prive se sa kominis ye pou

- (1) òf ak demann
- (2) lesefè
- (3) kontwòl leta
- (4) oto-detèminasyon

22 Kondisyon Trete Nanjing ak Trete Kanagawa a demontre

- (1) relasyon inegal ki gen nan enperyalis
- (2) ideyal imanité ki mache ak aktivite misyonè
- (3) enpòtans teknoloji nan ekonomi k ap devlope yo
- (4) chanjman wòl fanm ak gason asosye ak modènizasyon

Baze sou pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.

. . .Yo te anrejistre gwo aksidan sa yo (pa te di gen moun ki te pran ti chòk) nan *Manchester Guardian* ant 12 jen ak 3 out, 1844:

. . . 15 jen 1844: Yon jenn gason ki soti Saddleworth te mouri apre li te kole nan yon machin epi li te blese anpil.

29 jen 1844: Yon jenn gason ki soti Greenacres Moor, tou pre Manchester, t ap travay nan yon chòp machin, de (2) zo kòt li te kase epi li te blese plizyè kote apre li te tonbe anba yon machin pou file. . . .

3 out 1844: Yon anlwaye ki t ap tounen bobin nan Dukinfield te kole nan yon bann machin nan epi tout kòt li yo te kase. . . .

— Friedrich Engels

23 Friedrich Engels ap itilize egzanp sa yo pou montre

- (1) kijan sistèm faktori a efikas
- (2) kondisyon travay nan faktori yo
- (3) kondisyon lavi nan vil yo
- (4) kalite swen nan lopital iben yo

24 Repons palemantè pou sikonstans konsa se te pou

- (1) voye pifò manifakti lòtbòdlo
- (2) pran kontwòl biznis yo pa jere byen yo
- (3) ofri sipò pou travayè k ap fè grèv yo
- (4) adopte refòm pou sekirite

- 25 • Japon batay ak Lachin. (1894)
• Japon bat Larisi. (1905)
• Japon anekse Kore. (1910)

Evènman sa yo montre kijan pouvwa Japon t ap ogmante ak dezi li pou

- (1) simaye Shinto
- (2) jwenn pò ki gen dlo cho
- (3) jwenn resous natirèl
- (4) reprime Revòlt Boxer a

Baze repons ou pou kesyon 26 la sou desen ki pi ba a ak konesans ou nan etid sosyal.



OUVÈ TIYO A

Sous: Greene in the *New York Evening Telegram, Literary Digest*, August 30, 1919 (adapte)

26 Sitiyasyon nou montre nan desen 1919 sa a plis asosye dirèkteman ak

- (1) efò pou estabilize ekonomi global la
- (2) lè yo te retire Lenin sou pouvwa a
- (3) kokennchenn viktwa Almay yo toupatou
- (4) apre lagè a

- 27 • Devlopman alyans sekre
• Asasina Akedik Franz Ferdinand
• Enpas bò tranche yo

Ki konfli ki asosye ak evènman sa yo dirèkteman?

- | | |
|-------------------------------|-----------------------|
| (1) Lagè ant Otrich ak Lapris | (3) Premye Gè Mondyal |
| (2) Lagè Boyè | (4) Dezyèm Gè Mondyal |

28 Nou kapab defini mo *Siyonis lan* kòm yon fòm

- (1) non-aliyman
- (2) sekirite kolektif
- (3) nasyonalis
- (4) pasifis

- 29 • Amètim sou Trete Vèsay la
- Pèt Ruhr ak koloni lòt bòdlo yo
 - Enflasyon ak chomaj k ap monte

Faktè sa yo plis asosye ak

- (1) monte fasis nan Almay
- (2) revolisyon Larisi ane 1917 la
- (3) Enperyalis franse nan Lafrik
- (4) revolisyon komunis nan Lachin

30 Ki faktè jewografik ki plis kontribye dirèkteman nan premye siksè Nazi blitzkrieg pandan Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Chèn Montay Alp
- (2) Kanal Anglè
- (3) Rivyè Thames
- (4) Plèn Nò Ewopeyen

31 Nou itilize mo *Rido Fè* fè a pou senbolize ak souliye diferans ant

- (1) filozofi relijye
- (2) ideyoloji politik
- (3) pwodui atistik ak achitekti
- (4) resous ak klima

32 Yon rezon Mao Zedong, Ho Chi Minh, ak Fidel Castro te pran pouvwa se paske dirijan sa yo te

- (1) pwomouvwa kapitalis ak demokrasi
- (2) gen sipò peyzan yo
- (3) reprezante enterè pwopriyetè rich yo
- (4) te vle pou peyi yo konsantre sou valè relijye

33 Òganizasyon kanpay nan Lafrik Disid kont politik separasyon ak segregasyon rasyal plis asosye ak

- (1) Jomo Kenyatta
- (2) Cecil Rhodes
- (3) Nelson Mandela
- (4) Kwame Nkrumah

34 Kòmmanse nan fen ane 1970, youn nan pi gwo objektif Deng Xiaoping pou Repiblik Popilè Lachin se te pou

- (1) ankouraje kwasans ekonomik atravè modènizasyon
- (2) sipòte pratik relijyon tradisyonèl
- (3) bese kontwòl bay biwokrasi
- (4) pwoteje pite doktrin revolisyonè a

- 35 • Vant materyèl nikleyè nan mache nwa a
- Re-afimasyon idantite kiltirèl nan Ikrèn ak Mòldavi
 - Aplikasyon Repiblik Tchèk pou vin manm nan Inyon Ewopeyen

Ki evènman ki te plis enfluyans kondisyon sa yo dirèkteman?

- (1) efondreman Inyon Sovyetik
- (2) echèk blokis Bèlen an
- (3) revolisyon an Iran
- (4) manifestasyon pwo-demokrasi nan Tiananmen Square

36 Yon gwo objektif pou Bank Mondyal ak Fon Monetè Entènasyonal (FMI) se te pou

- (1) kontwole pri petwòl
- (2) pwomouvwa devlopman forè twopikal imid yo
- (3) elaji kontwòl gouvènmantral nan endistri a
- (4) ankouraje devlopman ekonomik

Baze sou desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 la.



Sous: Chris Britt, *State Journal-Register*

37 Kisa ide prensipal desen sa a ye?

- (1) Diskisyon sou lapè ki te fè yo vin gen yon sese-lefe.
- (2) Konfli a prèske fini.
- (3) Negosyasyon yo te echwe.
- (4) Gwoup kle yo te vin sou tab pou diskite lapè a.

38 Yon fason Hiroshima ak Chernobyl similè se moun nan tou de (2) kote yo

- (1) gen yon tranblemanntè ki te fè yo oblije deplase
- (2) te sibi domaj radyasyon nikleyè
- (3) te afekte lè yon pakèt petwòl te devèse
- (4) te sibi anpil deja nan lagè biyolojik

39 Yon fason motivasyon pou Prentan Arab la ak Revolisyon Franse a te menm se moun yo te vle

- (1) elimine kwayans sekilè sosyete a
- (2) chanje gouvènman an pou mete refòm
- (3) kreye chanjman san vyolans
- (4) itilize medya sosyal pou fini ak inegalite ekonomik

40 Yon fason konvèsyon Hagia Sophia nan yon moske Islamik epi kraze mi Bèlen an similè se paske yo toulède te rive akòz

- (1) chanjman nan pouvwa politik
- (2) migrasyon fòse gwoup relijye yo
- (3) adopsyon teknoloji asye
- (4) restorasyon komès entènasyonal

Baze sou tablo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 41 ak 42.

Kèk Peyi Nan Monn Nan

Peyi	Popilasyon pa Milyon	Sipèfisi An Mil Kilomèt Kare	Kantite Moun Pa Kilomèt Kare	% Iben	% Arab	To Alfabetizasyon Gason/Fanm	Esperans Vi an Ane Gason/Fanm
Lafrans	66.0	643.8	102.5	85.0	33.5	99.0 99.0	78.5 84.8
Japon	127.3	377.9	336.1	91.3	11.3	99.0 99.0	80.9 87.7
Nijerya	174.5	923.8	188.9	49.6	39.0	72.1 50.4	49.4 55.8
Pakistan	193.2	796.1	242.7	36.2	26.0	69.5 45.8	64.8 68.7
Lapolòy	38.4	312.7	122.8	60.9	35.5	99.9 99.6	72.5 80.6
Venezyela	28.5	912.0	31.3	93.0	2.9	95.7 95.4	71.1 77.5

— CIA World Factbook

41 Selon tablo sa a, ki deklarasyon sou peyi sa yo ki pi egzat?

- (1) Nijerya gen pi piti to alfabetizasyon pou gason ak fanm.
- (2) Japon se peyi ki pi dansman peple.
- (3) Venezyela gen pi piti pousantaj ibanizasyon.
- (4) Lafrans gen pi gran popilasyon.

42 Ki jeneralizasyon nou kapab sipòte pi byen ak done ki nan tablo sa a?

- (1) Plis popilasyon yon peyi, plis sipèfisi li ap ye.
- (2) Mwens tè arab yon peyi genyen, mwen to alfabetizasyon an ap ye.
- (3) Esperans vi pi long gen tandans pou li asosye ak to alfabetizasyon ki pi wo pou gason ak fanm.
- (4) Plis moun pa kilomèt kare yon peyi genyen, plis chans li genyen pou l gen yon pi gran pousantaj popilasyon iben.


43 Ki devlopman ki te genyen pandan Revolisyon Neyolitik la?

- (1) Manje te pouse nan asyennnda yo.
- (2) Yo te itilize wòch kòm zouti pou premye fwa.
- (3) Sistèm faktori a te ranplase sistèm domestik la.
- (4) Vilaj pèmanan te devlope nan vale rivyè yo.

44 Ekspansyon Lig Anseyatik la, pwosperite vil-eta Italyen yo, ak devlopman komès ekkitab te enfliyanse

- (1) pwopagasyon kwayans Islamik
- (2) devlopman Paks Womana
- (3) devlopman aktivite komèsyal nan Lewòp
- (4) antretyen avanpòs militè nan Afrik Delwès

Baze repons ou pou kesyon 45 ak 46 la sou imaj ki anba la yo ak konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Whipple Collection, University of Cambridge

45 Ki sivilizasyon ki nan imaj sa a?

(1) Maurya

(2) Maya

(3) Islamik

(4) Kanbòdj

46 Kèk nan atik ki nan imaj sa a te kontribye dirèkteman nan

(1) laj eksplorasyon ewopeyen

(2) envazyon Azyatik Santral yo

(3) chit Zoulou

(4) fòmasyon kòd Jistinyen an

47 Vwayaj Zheng He yo, devlopman pòslèn ble ak blan, ak etablisman Site Entèdi a te asosye ak

- (1) Tokugawa shogunate (3) Wayòm Axum
- (2) Dinasti Ming (4) Dinasti Umayyad

48 • Anperè Montezuma pèdi pouvwa li.
• Anpil Ameriken Natifnatal te mouri ak varyòl ak lòt maladi.

Evènman sa yo te rive akòz

- (1) Rankont lan
- (2) Mouvman pou endepandans nan Amerik Latin
- (3) Revolisyon Meksiken
- (4) Revolisyon Kiben

49 Yon similarite ant dominasyon Peter Le Gran ak dominasyon Anperè Meiji se gouvènman yo te

- (1) ankouraje pèp la pou konvèti nan Krisyanite
- (2) sipòte ide izolasyonis
- (3) enpleman eleksyon demokratik pou kò lejislatif yo
- (4) kòmanse modènize lè yo te adopte teknoloji oksidantal

Baze sou pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 la.

Jenn Tik Yo: Pwoklamasyon Pou Anpi Ottoman an, 1908

... 7. Lang Tik la ap rete lang ofisyèl eta a. Korespondans ak diskisyon ofisyèl ap fèt an Tik. . . .

9. Chak sitwayen pral jwi libète ak egalite totalkapital, san gade sou nasyonalite oswa relijyon yo, epi y ap gen menm obligasyon. Tout Ottoman, pliske yo egalego devan lwa konsènan dwa ak responsablite anvè Eta a, kalifye pou pòs gouvènman, selon pwòp kapasite ak edikasyon yo. Moun ki pa mizilman yo ap gen menm responsablite anvè lwa militè yo. . . .

—“The Young Turks,” A. Sarrou, trans., Paris, 1912

50 Pwoklamasyon sa a enkòpore prensip

- (1) idantite nasyonal (3) Dawinis Sosyal
- (2) dwa diven (4) Maksis

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **eksplike** vle di “fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Bezwen ak Dezi

Nan tout listwa, bezwen ak dezi pou sèten resous natirèl ak pwodui te gen yon gwo enfluyans nan devlopman sivilizasyon, anpi, ak rejyon. Disponibilite ak aksè nan resous natirèl ak pwodui sa yo te ede ak bloke devlopman.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** diferan resous natirèl ak/oswa pwodui epi pou **chak**

- Eksplike poukisa moun bezwen oswa anvi genyen resous natirèl ak/oswa pwodui sa a
- Diskite kijan resous natirèl ak/oswa pwodui sa a te gen yon gwo enfluyans sou devlopman yon sivilizasyon, yon anpi, *ak/oswa* yon rejyon

Ou ka itilize nenpòt resous oswa pwodui natirèl nan etid istwa ak jewografi jeneral ou. Kèk sijesyon ou kapab konsidere gen ladan yo chabon, petwòl, dyaman, dlo, sèl, bwa, kawoutchou, te, koton, epis, ak sik.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa ekri sou Etazini ak resous li yo.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pandan dominasyon kouwòn britanik lan ki te rele Raj (1857–1947), britanik yo te fè anpil bagay pou ranfòse ak kenbe dominasyon yo sou sou-kontinan endyen an. Nou kapab entèprete enpak dominasyon britanik lan sou moun yo ak rejyon an plizyè fason.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral ak jewografi, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

- Diskite kijan aksyon britanik yo te fè pou ranfòse ak/oswa kenbe dominasyon yo sou sou-kontinan endyen an ant 1857 ak 1947
- Diskite, sou diferan pozisyon, enpak dominasyon britanik sou pèp la *ak/oswa* rejyon an

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

. . .Mitinri Endyen an [1857] te yon gwo chòk, sitou paske dominasyon britanik nan Lend te parèt tèlman solid. Pou evite yon lòt deklanchman konsa ankò, yo te retire otorite pou dirije Lend Britanik la nan men John Company [Konpayi Anglè Lend Oryantal] epi yo te mete li nan men Kouwòn nan. Larèn Victoria te vin Enperatris Lend, epi reprezantan pèsònèl li nan peyi a te vis-wa a, ki te ranplase Gouvènè-Jeneral, administrasyon Lend te sou kontwòl Biwo Lend nan Lonn nan. Prezans Lame Britanik nan peyi a, kontrèman ak sa yo te rele Lame Endyen nan moman sa a, te ogmante kote li te vin gen 65,000 sòlda, epi kòm yon prensip jeneral chak pòs militè te gen omwen yon inite militè britanik. . . .

Sous: Charles Messenger, *British Army*, Bramley Books, 1997

- 1 Selon Charles Messenger, kisa ki **yon** fason britanik yo te eseye ranfòse kontwòl yo sou sou-kontinan endyen an apre Mitinri Endyen an? [1]

Score

Dokiman 2

. . .Fason Raj la te trete famin ane 1870 ak 1890 yo endike anpil bagay sou karaktè li. Pwonostik [prediksyon] orijinal sou ekspansyon chemennfè ak kanal la pwobableman te kòrèk, menm si pa gen yon metòd egzat pou kalkile egzakteman kantite moun yo te sove ak manje yo te distribye nan chemennfè a. Nou si e sèten plis moun t ap mouri si yo pa te agrandi rezo chemennfè a. Epi tou, menm jan yo te apresye an 1903 [Vis-Wa Britanik] Curzon lè li te demare yon nouvo politik dinamik pou fouye plis kanal, irigasyon atifisyèl yo te sove anpil moun. Men imanitaris te toujou balanse ak pragmatik [praktikalite], epi Raj la pa te janm bliye bezwen pou li peye pou tèt li. Amelyorasyon teknik ki te fè endyen yo vin mwens frajil devan fòs enprevizib lanati yo te fè plan tou pou anrichi yo [endyen yo] epi, ak taks, gouvènman an. Sistèm irigasyon yo te oblije [planifye] arid Sind ak Punjab yo fleri e yo te ajoute nan revni gouvènman an. Yo te evalye yon distri Punjabi a £15,000 avan irigasyon an epi li te £24,000 apre sa. . . .

Sous: Lawrence James, *Raj: The Making and Unmaking of British India*, St. Martin's Griffin, 1997 (adapte)

2 Selon Lawrence James, kisa ki **yon** bagay Raj te fè pou ede pèp endyen an epi ranfòse dominasyon britanik? [1]

Score

Dokiman 3

. . . Britanik yo, gouvènman ki dirije pa prens, misyonè, ak konpayi prive te kòmanse nouvo lekòl. Lekòl sa yo te nan tout nivo, inivèsite te ladan yo tou. Yo te itilize lang angle nan tout lekòl ansèyman siperyè yo. Menmsi se sèlman yon ti minorite endyen ki te frekante lekòl sa yo, moun te yo te resevwa yon bèl edikasyon angle (fasilite [ezans] an angle te vin senbòl yon moun ki edike). Yo te etidye lide angle sou demokrasi ak nasyonalis, epi yo te vin dirijan nan mouvman endepandan endyen an. . . .

Sous: Milton Jay Belasco, *India-Pakistan: History, Culture, People*, Cambridge Book Company, 1968

3 Selon Milton Jay Belasco, kisa ki **yon** fason britanik ak lòt nasyon te enfluyanse kilti endyen? [1]

Score

Dokiman 4

. . . Si biwokrasi Raj Britanik la se yon sòt depotis, se te youn ki te vrèman diferan selon jan lavi pèp endyen an te ye avan britanik yo te vini.

Toudabò, Raj Britanik lan te pi fò pase tout sa ki te vini avan li, pi fò pase menm Anpi Mogul la, epi sa te pèmèt li kenbe Lend an sekirite pou pa gen atak epi ini ak an pè nan peyi a pou premye fwa. Yo te elimine ansyen menas pou anvayi yo a. Pa te gen okenn lame ki te travèse fontyè a jiska 1942. Pa te gen lagè ak visitè rapas [agresif] ki te vin kraze peyizaj la detanzantan. Otowout prinsipal yo pa t chaje ak bann brigan [bandi] ankò. Peyizan yo te ka dòmi lanuit: se premye fwa lavi yo ak pwopriyete yo te an sekirite konsa.

Dezyèmman, Raj Britanik la te ranplase depotis abitrè ak lalwa. Paske yo te vin sitwayen britanik, plizyè milyon endyen te jwenn 'yon gouvènman pou lalwa, pa pou moun', epi yo te gen tout pwoteksyon dwa pèsònèl yo ak jistis enpèsònèl epi kòm yon gran mezi libète sivil menm jan anpil moun nan monn nan te jwi. Pou sa ki nan lwa a, yo te konsolide ak kodifye lwa yo konfòmman ak 'prensip enkontestab', jan yon komite palemantè te di, 'fòk yo konsilte enterè sitwayen natifnatal yo parapò ak Ewopeyen yo nenpòt lè yo de (2) a te vin nan konkirans, epi se poutèt lwa yo dwe adapte yo a santiman ak abitud Natifnatal yo olye de Ewopeyen yo'. Pafwa yo di adopsyon pwosedi jidisyè anglè a pa te yon bon desizyon, paske li pa te apwopriye pou kondisyon aryere lavi peyizan endyen yo. Men apasa kreyasyon nouvo tribinal yo te prèske yon avantaj fòmèl. Yon endyen nasyonalis eksperimante te ekri, yo te jwenn 'yon prestij ak otorite enkonni nan Lazi' deyò zòn ki sou dominasyon ewopeyen yo. Yo te plante lidè Endyen an nan yon nouvo respè pou lwa a kòm yon bagay pou menm gouvènman ki pi fò a bese devan li. Valè kado sa a poko fin bay prèv final li; paske li se yon fidelite pou yon lwa souverèn lapè ak estabilite Lend lib demen an dwe prensipalman depann sou li. . . .

Sous: Sir Reginald Coupland, *India: A Re-Statement*, Oxford University Press, 1945 (adapte)

4a Kisa ki **yon** fason Sir Reginald Coupland te kwè Raj britanik lan te amelyore lavi endyen yo? [1]

Score

b Selon pasaj sa a, ki opinyon Sir Reginald Coupland te gen sou pèp endyen an? [1]

Score

Dokiman 5

. . .Nou kapab trase rasin animozite [rayisman] ant enndou ak mizilman yo an pati nan politik britanik lan. Dirijan britanik yo, nan yon jefò pou kenbe otorite sou vas tè Lend yo, te ankouraje endyen pou yo fache ak endyen parèy yo olye de dirijan britanik yo. Pandan yo te gen plis dezi pou endepandans, britanik yo te souzestime konfyans mizilman yo nan Kongrè Nasyonal Endyen an. Mizilman yo te pè pou Kongrè a te sèlman pale pou enterè enndou yo. Jeneralman, pati politik mizilman an—Lig Mizilman an—te kolabore ak britanik yo pou pwoteksyon ak konsesyon. Lè britanik yo te etabli eleksyon pou konsèy lejislativ santral la [1909], yo te fè mizilman yo yon gwoup elektoral separe. Politik britanik lan se te “divize epi domine”. Li te nan enterè britanik yo pou ankouraje separatis mizilman. . . .

Sous: Donald J. Johnson, et al., “Why Hindus and Muslims Speak Hate,”
Through Indian Eyes, CITE Books

5a Selon pasaj sa a ki soti nan *Through Indian Eyes*, kisa ki **yon** egzanp britanik yo t ap ankouraje animozite ant enndou ak mizilman yo? [1]

Score

b Selon pasaj sa a ki soti nan *Through Indian Eyes*, kisa ki yon yon bagay Lig Mizilman an te fè paske li te pè majorite enndou an? [1]

Score

Dokiman 6

. . .Epi poukisa mwen wè dominasyon britanik lan kòm yon madichon?

Li te fè plizyè milyon moun sòt vin pòv nan yon sistèm ki t ap kontinye eksplwate moun ak yon militè chè ak yon administrasyon sivil peyi a pa te janm ka peye.

Politikman li te vin redui nou a sèvitid. Li te minen fondasyon kilti nou. Epi, ak politik dezameman an, li te degrade nou esprityèlman. Paske nou te make nanm, yo te redui nou, ak dezameman inivèsèl, a yon Eta ki plè an lach. . . .

Sous: Letter from M.K. Gandhi, Esq. to the Viceroy, Lord Irwin, March 2, 1930

6 Selon Gandhi, kisa ki **yon** pwoblèm dominasyon britanik te lakòz? [1]

Score

Dokiman 7

. . .Lwa Lend 1935 lan te gen de (2) pati, chak nan yo te vin amandman nan Konstitisyon an. Premye pati a, ki te an vigè an 1937, te bay asanble ak administrasyon pwovensyal yo tout otonomi nan gouvènman. Men, Vis-Wa a te gen dwa rejte yo. Dezyèm pati Lwa a te eseye etabli yon sendika federal ki te mete ansanm teritwa britanik yo ak plis pase 560 ti Eta ki te sou kontwòl prens. Lè sa a teritwa britanik yo te gen Bengal, Assam, Punjab, Sind, Bihar, Orissa, Madras, Pwovens fwontyè nòdwès, Pwovens santral, Pwovens Ini, ak Bombay. . . .

Sous: Warshaw and Bromwell with A.J. Tudisco,
India Emerges: A Concise History of India from Its Origin to the Present, Benziger, 1975

7 Selon pasaj sa a ki soti nan *India Emerges*, ki sa ki **yon** fason gouvènman britanik la te kontwole Lend sou Lwa Lend 1935 lan? [1]

Score

Dokiman 8

Dominasyon Britanik nan Lend (1946)

. . .Donk, Lend te oblije tolere [sipòte] depans pou pwòp konkèt li, epi apresya transfere (oswa vann) East India Company bay kouwòn britanik lan, ak pou agrandisman anpi britanik lan jis Bima ak lòt kote, epi ekspedisyon nan Lafrik, Pès, Elatriye epi defann li kont endyen yo menm. Yo pa te sèlman itilize li kòm yon baz pou zafè enperyal, san okenn ranbousman pou sa, men li te bezwen peye pou fòmasyon yon pati nan Lame Britanik la nan Angletè—yo te rele li frè “kapitasyon”. Se vre yo te fè Lend peye pou lòt depans Bretay te fè, tankou antretyen etablisman diplomatik ak konsilè britanik nan Lachin ak Pès, tout depans pou liy telegraf ki soti Angletè pou ale Lenn, yon pati nan depans flòt Mediterane Britanik la, ak menm resepsyon yo te fè pou siltan Tik nan Lonm nan. . . .

Sous: Jawaharlal Nehru, *The Discovery of India*, The John Day Company, 1946

8 Selon Nehru, kisa ki **yon** fason Lend te sipòte depans Anpi Britanik lan? [1]

Score

Dokiman 9

. . .Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, Bretay te fè dènnye demann li sou Lend kòm koloni li. Yo te bezwen pran mezi polisyè estrik [sevè] pou prezève Raj kont nasyonalis endyen ki t ap monte pandan Angletè te itilize Lend kòm yon baz pou ekipman ak operasyon. Plizyè Endyen te sèvi nan fòs lame britanik la epi endistri endyen an te agrandi pou soutni efò lagè a. Pandan kèk pati nan Lend te benefisye nan pwodiksyon endistriyèl, faktè ki asosye ak gè ansanm ak mank lapli te fè pa gen manje epi 2 milyon moun te mouri ak grangou nan Bengal ant 1942 ak 1944. . . .

Sous: William Goodwin, *India*, Lucent Books

9 Selon William Goodwin, kisa ki **de** (2) fason yo te mande Lend pou sipòte Gran Bretay nan ane 1940 yo? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen **senk (5)*** dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pandan dominasyon kouwòn britanik lan ki te rele Raj (1857-1947), britanik yo te fè anpil bagay pou ranfòse ak kenbe dominasyon yo sou sou-kontinan endyen an. Nou kapab entèprete enpak dominasyon britanik lan sou moun yo ak rejyon an plizyè fason.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral ak jewografi, ekri yon redaksyon kote ou

- Diskite kijan aksyon britanik yo te fè pou ranfòse ak/oswa kenbe dominasyon yo sou sou-kontinan endyen an ant 1857 ak 1947
- Diskite, sou diferan pozisyon, enpak dominasyon britanik sou pèp la *ak/oswa* rejyon an

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen **senk (5)*** dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm lan

